# Институтта Өзбекстанның Малайзиядағы елшиси менен әҳмийетли мәселелер додаланды

Бүгин, 22-декабрь күни Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында Өзбекстанның Малайзиядағы елшиси Равшан Усманов пенен ушырасыў болып өтти.

Ушырасыўда институттың Малайзиядағы жоқары оқыў орынлары, атап айтқанда, HELP университети менен илимий-педагогикалық жумысларда бирге ислесиў бойынша байланыслар орнатыў мәселеси додаланды.

Image not found or type unknown

Мектепке шекемги билимлендириў ҳәм инглис тили бағдарларында профессор-оқытыўшылар, докторантлар, магистрантлар ҳәм студентлерди өз ара алмасыў тийкарында тәжирийбесин арттырыў жәнe оқытыў, Малайзияның мектепке шекемги билимлендириў системасын илимий тийкарларда үйрениў, биргеликте тараўға байланыслы сабақлықлар, илимий-методикалық қолланбалар жаратыў бойынша усынислар берилди.

Image not found or type unknown

Институт жанында қурылыўы жобаластырылып атырған ҳәм илимий-методикалық жумыслар өткерилетуғын арнаўлы мектепке шекемги билимлендириў шөлкемин ашыў, оған инвесторларды қызықтырыў бойынша Өзбекстанның Малайзиядағы елшиси Равшан Усманов алдағы ўақытларда биргеликте исленетуғын жумысларды белгилеп алды.

Image not found or type unknown

НМПИ баспасөз хызмети.